СССР-м и Президентым

СССР-м и Совет

Нэхъыщхьэм хуегъэхь

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм хузогъэув «Цыхубзхэм я псоухlэр егъэфlэкlуэным, анэр, сабийр хъумэным, унагъуэр гъэбыдэным хуэузнатlауэ гьэтылъыпlэ ямылэу лэжьыпхъэхэм я lуэхукlэ» унафэм псом нэхърэ нэхъапэ хэплъэну, ар къищтэну.

Ар ауэ сытми зи чэзу социально-экономическэ lуэхукъым. Зи гугъу сщlыр ди обществэм и псоукlэр къанэ цымылэу егъэфlэкlуэныр щ, абы и lуэхур иджыпсту зытетыр щ, дяпэкlэ зыхуэкlуэнур щ. Адрей lэнатlэхэм lуэхухэр сыт хуэдэу гугъуу щыщымытми, анэхэмрэ сабийхэмрэ псом нэхърэ нэхъапэ гулъытэ яхуэщlын хуейщ. Абыхэм гулъытэу хуащlыр зыхуэдизырщ обществэм, псом япэу социалистическэм, и культурэр, абы и зэхэщlыкlыр нэхъапэу къэзыгъэлъагъуэр.

Ауэ щыхъукlи абы пыщlауэ ди деж пшэч мыхъуну lуэхур щызэкlэлъымыкlуащ. Цыхубзхэм лэжьапlэмрэ унагъуэмрэ гугъуехь тlуащlэ щателъщ, я лэжьыгъэр, я узыншагъэр зарахъумэр, социально-унагъуэ lуэхугъэбзэ зэрыхуащlэр фlыуэ егупсысауэ къызэрызэрамыгъэпэщым къыхэкlыу цыхубзхэм я псоукlэр икъукlэ гугъу мэхъу, ар абыхэм я узыншагъэм, я унагъуэхэм щыlэ щытыкlэр, сабийхэр зэрагъэсэм къыхощ. Иджыпсту зекlуэ къэрал пособиехэмрэ льготэхэмрэ унагъуэ куэдым я псоукlэр зэрахуэфэщэнкlэ ирагъэфlакlуэркъым. Псом хуэмыдэу гугъуехь ятелъщ бын куэд зиlэ унагъуэхэм, зи закъуэ анэхэм, сабий унэхэм, сабийхэр щагъасэ адрей lуэхущlапlэхэм-яп1ахэм.

Анэр, сабийр хъумэным, унагъуэр гьабыдэным сыт и лъэныкъуэкlи тещlыхьа къэрал программэ иджыпсту ягъэхьазыр. Сэ унафа сщlащ ар зэрызэхалъхьэр щlагъэпсынщlэну. Абы къыдэкlуэу си фlэщ мэхъу абы иджыпсту дызэрыхуейр, нэхъ хуэмыщlа унагъуэхэм я псоукlэр егъэфlэкlуэным хуэузнатlа lуэхугъуэ нэхъапэхэр къыхьлlыхь дымыщlу иджы агъэзэщlэну lэмал дызэрилэр.

Сабийхэм щlэкlэ къэралым пособиеу итыр зыхуэдизым, зэрит хабзэм, цыхубзыр щызэдагъуэм отпуснымэ ирагьэм, сабийхэр зэрызэрахьэм щlэкlэ ират отпускым кlэнэ щымыlэу фыхэплъэну согъуэу.

Къэралым и къалэнщ обществэкlэ лажьыгъэмрэ сабийхэр гъэсэныгъэмрэ зэдахъыну lэмалыфlхэр адэ-анэхэм яхузэригъэпэщыну. Зэрылэжьэнум, махуэ псом зэрымылэжьэнум тещlыхьа графикхэр нэхъ тэмэму законым ипкъ иткlэ къызэрагъэсэбэпкlыу щlыкlэр къэлъытэн хуейщ. Адэхэм, сабий зыпlхэм, бын ягъасэу унагъуэхэм ис адрейхэм абы теухуауэ яlэ хуитыныгъэр законодательствэм зэригъэмащlэр мызахуагъэу си гугъэщ.

Цыхубз уэндэгъухэм, анэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымрэ сымаджэщхэм щlэгъэгъуэлъхьэнымрэ я lуэхукlэ цыlэ хабзэ куэдым хэплъэжын хуейуэ къызолъытэ. Цыхубзхэм лэжьыгъэр яцыгъэпсынщlэным, абыхэм я гупсысэр, я къэгъур, я ныбжьыр тэмэму къэлъытэным теухуа lэмалхэр къызэгъэпэщыным хуэунэтlауэ советскэ, хозяйственнэ унафэщlхэм яхь жэуаплыныгъэм хагъэхъуэн хуейуэ согъэув. Зэман благъэ дыдэм хэплъэжыпхъэщ цыхубзхэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ зэрылажьэ хъуну lэщlагъэхэм абыхэм я дежкlэ хьэлъэу, зэранигъэ зыпыщlауэ щытхэм, ялэжь хъунухэм пыщlа хабзэхэм, цыхубзхэр жащым зэрагъэлажьэр гъэмэщlэным, мыдрейуэ сабий цыкlу зиlэ цыхубзхэр а зэманым мыгъэлажьэным хуэунэтlа lуэху псалъэмакъ хэмылъу лэжьыным. Зэранигъэ къэзыщэ lэнатlэхэм lут цыхубзхэм я узыншагъэр хъумэным теухуа унафэхэр икlэщlыпlэкlэ къэщтэн хуейщ.

Сабийхэр щапl lуэхущlапlэхэм, лъхуапlэ, lэзапlэ-профилактическэ lуэхущlапlэхэр щlыным, зэгъэпэщыным, нэгъуэщl щыпlэхэм оборудованэ, хущхъуэ, сабий ерыскъыхэкlэхэр къыщыщэхуным валютэу трагъэкlуэдэн хуей хъунущ. Ауэ а ахъшэр къэралым игъэкlуэдхэр гъэмэщlэным, зэгъэзэхуэным я хьэкъкlэ къагъуэт хъунущ. А псоми lэмал къатынущ сабий цыхубзхэр зиlэ унагъуэ мелуанхэм я псоукlэр хащlыкlыу ирагъэфlэкlуэну. Апхуэдэу республикэхэм, областхэм, предприятэхэм я ахъшэкlэ куэд ялэжь хъунущ. Мыбдежым псом нэхърэ нэхъыщхьэр lуэхум и мыхьэнэр ягурыгъэlуэныр щ, ар зэрагъэзэщlэным яужь зэритынырщ.

ГОРБАЧЕВ М.

СССР-м и СОВЕТ

Къэрал псоми я пролетархэ, фызэгухьэ!

ЛЕНИН ГЪУЭГУ

ЛЕНИНСКИЙ ПУТЬ

ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКl

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КЪБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН

ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 66 (16.957).

1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 4, БЭРЭЖЬЕЙ

Тхьэмахуэм тхуэ къыдокl

И уасэр кlэлlейкlи 3-щ.

КIУАНТIЭ ЗЭАНЭЗЭПХЪУР

Зэхьэзэхуэм щыпашэхэм я гугъу щащlкlэ «Россия» совхозым япэ дыдэу зи цlэ жаlахэм ящыщщ «Кlуантlэ зэанэзэпхъур» — Лидэрэ Заретэрэ. Анэр илъэс щэщlым щlигъуауэ жэмышlу мэлажьэри, шэ нэхъыбэ къэшынымкlи щlэжьей нэхъыбэ кънщlэгъэхъуэнымкlи зыри япэ иригъэщакъым. Жэм къэс хуэзэу шэ килограмм мининщ Тэрч районым япэ дыдэ къыщlэзышэхэм ялыщщ Лидэ. Мы махуэхэми абы зыми бжьыпэр иримытыну и мурадщ.

Лидэ илхъу нэхъыщlэщ Заретэ. Илъэс ещанэ хуауэ аращ ар жэмышу фермэм зарыкlуэрэ. Ауэ, зарыжаlэщи, совхозым и жэмыш пашэ и анэм и «лъэдакъэпэм тесщ». Гъэ кlуам шэ килограмм 3.100-м щlигъу къыщlишащ. Ар килограмм зытхухкlэ нэхъ машlэу араш и анэм хузэфlэкlам нэхърэ.

Мы гъэм зэанэзэпхъум я мурадщ зи гугъу тщlы бжыгъэхэр килограмм 3.500-м нагъэсыну. Ар абыхэм зэрызарагъэхъулlэфынум и цыхьэтщ мазищым яхуэзэфlэкlахэр — жэм къэс хуэзэу шэ килограмм миным нэс кърагъэтакlэщ. Мы зэманым зы махуи дэкlыркъым я дэтхэнэ жэмми шэ килограмми 10—11-м нэс къыщlамыщу. Лидэ шынагъуэ къыкlэщlэзарыхьащ «лъэдакъэпэм тесынур» езырауэ къыщlэкlыну.

Сурэтыр тезыхар
ЩОМАХУЭ Владимирщ.

ГЪАТХЭ МАХУЭ ГЪЭ ЕГЪАШХЭ

И кlэм нагъэблэгъащ

Тэрч районым щыlэ «Родина» колхозыр ящыщщ кlэртlофыр нэхъыбэу зыщlэхэм, абы хъерыфl къыпызыххэм. Мы къэкlыгъэм хозяйствэр илъэси 10 хъуауэ йолажь икlи ар зытращlэр гектар 50-м икlри 150-м нагъэсащ. Кlэртlоф зыгъэкl бригадэм и унафэщlщ опытышхуэ зиlэ, къызэгъэпэщакlуэ lэкlуэлъакlуэ Теунэ Ириней. Абы къыдэлажьэхэм сыт щыгъуи lэмалыщlэхэр къызэрагъэсэбэпым къыхэкlыу бэвагъи кохъулlэ.

Мы гъэм гектари 150-м щагъэкlынущ кlэртlофыр, ар хэсэныр и кlэм нагъэблэгъащ. Абы щыгъуэми жылэхэр щытрасэну зэмыныр езыхэм яубзыхужащ, «ищхьэкlэ» къыхуащlыну унафэм нэмыплъэу.

Сэным агрегатl йолажь. Махуэм къыпэщыт гектари 3-м и пlэкlэ 6-м нэс дэтхэнэми хесэ.

Мэкъумэш хозяйствэм и lэнатlэхэм экономическэ унафэ зэрыхуащlыр илъэс къэс щрагъэфlакlуэ «Прохладненский» lэщ лъэпкъыфl совхозым. Абы и подразделенэ псори хозрасчет нэсым хуагъэкlуащ, лажьыгъэм и къызэгъэпэщыкlэм цеховэ зэхэлъыкlэр и лъабжьэу. Нужьрей илъэсхэм хозяйствэр самофинансированэм, самоокупаемостым тету мэлажьэ.

Апхуэдэ зэхъуэкlыныгъэхэм, лажьыгъэм и къызэгъэпэщыкlэм схъулlэныгъэфlхэр къримыкlуэу къэнакъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, зэщlэкlуащlэ илъэсищым и епlанэ гъэм совхозым мэкъумэшхэкlыу сом мелуани 3,3-м нэблагъэ и уасэ къыщалэжьащ, хэхъуэ къабзэр сом 1 мелуанрэ мин 973-рэ хъуащ.

Совхозым и директор Узденовэ Суфьян зарыкlэмкlэ, хозяйствэм щекlуэкl зэхъэзэхуэм бжыпэр щиныгъуащ агроном нэхъыщхьэ Джуртубаев Назир зи унафэщl мэкъумэшым елэжь цехым. Гъэ блэкlар хозяйствэм схъулlэныгъэкlэ къызэрызэрипэкlам, къэралым и щыхуэу сом мелуани 2-м нэблагъэ зэрищышыжьыфам я фlыщlэ куэду хэлъщ а lэнатlэм бгъэдэтхэм. Мэкъумэшыщlэхуэхъэзыру lущlащ, мэкъумэш техникэр къызыхуэтыншэу ягъэхъазырауэ щытащ. Щlым хуабэ зэригъуэту ахэр губгъуэм нэхъщ икlи лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкlащ. Щыуэфl дэтхэнэ сыхьэтри къагъэсэбэпурэ хьэсэхэр ешэлlэнымкlэ къадэlэпыкъуну, ауэ lуэхухэр и пlэм икlыркъым.

Гъавэщlэм и лъабжьэ быдэ гъэтылъыным механизаторхэм бжыхьэ кlуам щlадзащ. Абыхэм зэман кlэщlым агротехникэм и хабзэм тету гуэдзыр гектар 2500-м, хьэр — 1100-м трасащ. Бжьыхьэсэ къэкlыгъэхэм щlымахуэм хъарзынэу заужьащ, ахэр минеральнэ удобренэхэмкlэ ягъэпщэращ, къыкlэлъыкlуэ lуэхугъуэхэр зэрызэфlагъэкlыным мэкъумэшыщlэхэм зыхуагъэхьэзыр.

Механизаторхэр гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм сыткlи техникэу яlэр псори къэгъэсэбэпа хъуркъым.

Совхозым псы зыщlигъэлъадэу зы гектари нlэкъым. Ари мэкъумэшыщlэхэм я лэжьыгъэм зэран хуохъу, яхуэзэфlэкlыну бэвагъыр къахутехыркъым. Хозяйствэр уэгъу щlыпlэм щыlэщ, абы къыхэкlкlи псыщlэгъэлъадэр lэмал имыlэу къызэгъэпэщын хуейщ. Совхозым и директор Узденовым иужьрей илъэсн 4—5-м республикэм, районым, министерствэхэм я унафэщlхэм куэдрэ заохуи, гъэзащ гъавэ щlапlэхэм псы

ХЪАРЗЫНЭУ ЩIАДЗАТ, АУЭ

Дзэлыкъуэ районым щыlэ «Псынэдахэ» колхозым и езанэ мэкъумэш-трактор бригадэм и унафэщl Шурдым Хьэмидбий пщыlэм дыщыхуэзащ. Абы дыкlуэн и пэкlэ хозяйствэм и гъавэ щlапlэхэм техникэ лъэпкъ щытлъэгъуатэкъым. Ди гуфlэгъэ Шурдымыр зи унафэщl бригадэми. Цыалъэм папщlэ, мэкъумэшыщlэхэм гектар къэс хъуэ центнер 53-рэ, гуэдзу — 47-рэ, сэхурану — 18,9-рэ, гибрид нартыху жылапхъэу гъэлъэлъауэ — 37-рэ къытрахащ. Мы гъэми абы кlэрамыгъэхуну я мурадщ.

Я ГУКЪЕУЭР ЗЫХАЩlАТЭМЭ...

хуэхьэзыру lущlащ, мэкъумэш техникэр къызыхуэтыншэу ягъэхъазырауэ щытащ. Щlым хуабэ зэригъуэту ахэр губгъуэм нэхъщ икlи лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкlащ. Щыуэфl дэтхэнэ сыхьэтри къагъэсэбэпурэ хьэсэхэр ешэлlэнымкlэ къадэlэпыкъуну, ауэ lуэхухэр и пlэм икlыркъым.

Пэжщ, илъэс заибжанэ нлэкlэ совхозым и гъавэ щlапlэхэм хьэкъуафэкlэ псы ирашэлlауэ щытащ, ауэ ар къутащи, къэбгъэсэбэп къагъэсэбэпурэ хьэсэхэр

Хъыбарыщlэхэр

СОМ МИНИ 9-кlэ

и квартал планыр щlригъэгъуащ Бахъсэн щыlэ производственнэ комбинатым и коллективым. Цыхухэм куэду къагъэсэбэп хъэпшыпу хуелят сом 1 мелуанрэ мин кварталым къыщlигъэкlын 299-рэ и уасн, ар сом 1 мелуанрэ мин 308-м нигъэсащ, абы нэмыщlыжкlэ кооперативхэм лщlри хэту, цыхухэм куэду къагъэсэбэп хъэпшыпу къыщlагъэкlыр сом 1 мелуанрэ мин 500-м фlыуэ щхьэлагъэхащ.

Сату зыщl организацэхэм цыхубз халату, жэщ джанэу мин 58-рэ, сабий щыгъыну сом мини 150-рэ и уасэ иратащ.

Мартым мыбы щадзащ щlадзащ «Н» дамыгъэ зытет халат лlэужьыгъуэщlэр. Ар зи пщэ далъхьа сменэм планым и лейуэ сом мин 40 и уасэ продукцlэ мы гъэм къитащ, иджыпсту и къалэным халат 40-кlэ щыщlримыгъэгъу махуэ къэхъуркъым.

Щыгъын лlэужьыгъуэщlэм комбинатым япэ кварталым сом мини 3 хэхъуэу къыхуихьащ.

УХУАКlУЭХЭМ ПАПЩlЭ

«Аруан» ягъэlэпхъуэ механизированнэ колоннэм и ухуакlуэхэм папщlэ фэтэр 70 хъуэ ухащlэ щыпу щlадзащ. Ар гъэ кlуагъэ и етlуанэ кварталым ухубыдэщ.

Нартхала дашlыхь унэр нэхъ псынщlэу ухуэн зэфlагъэкlыным мурадкlэ бригадищlэ къызэрагъэпэщ. Ухуакlуэхэм «Агропромстроймэ» и ЖБИ заводым зэгурыlуныгъэ ирашlылlащ икlи предприятэм и рабочэхэм папщlэ фэтэр 15 иратынущ, планым и лейуэ заводым къыщlигъакl пигъэгъуэр ухуэныгъэм къыхурагъашэмэ.

Езы мехколоннэм щыщу фэтэр хуэныкъуэхэри хэтынущ унэ щыпым.

Іэр.

Сабийхэм щхьэкІэ къэралым пособиер итыр зыхуэдизым, зэрит хабзэм, цІыхубзыр щыуэндэгъуэм отпускыу иратым, сабийхэр зэрызэрахьэм щхьэкІэ ират отпускым къанэ щымыІэу фыхэплъэну согъэув.

Къэралым и къэлэнщ общественнэ лэжьыгъэмрэ сабийхэр гъэсэнымрэ зэдазэрыгъэхьэзырыну цІыхубзыр щыгъэзэгъэным, сабийхэр зэрыгъэсэным, ахэр зэрыгъэпсынкІэным, ахэр зэрыгъэлъэпІэным, ахэр зэрыгъэлъэшэным, ахэр зэрыгъэсэбэпынымкІэ, ахэр зэрыгъэфІэкІуным, ахэр зэрыгъэпсэфынымкІэ, ахэр зэрыгъэсэнымкІэ, ахэр зэрыгъэпсынк

БЭДЖЭНДЫР Я ЩIЭГЪЭКЪУЭНЩ

«Къэббалъкъводмелиорация» объединенэм и езанэ къэзыкIухь механизированнэ колоннэм и коллективым къалэн зэмыIэужьыгъуэ куэд и щIэ дэлъщ. Апхуэдэщ псы ежэхэм я нэпкъхэр гъэбыдэныр, псы хъумапIэхэр, зэрагъэкъабзэ сооружэнхэр ухуэныр, псы кIуэпIэ бжьамийхэр щIалъхьэныр, хъупIэхэм псы щIэгъэлъэдапIэхэр яхуэщIыныр, псэупIэ унэхэр ухуэныр. Икли жыIэн хуейщ а Iэнатlэхэм ПМК-р ехъулIэныгъэншэ зэрыщымыхъур.

Предприятэм е нэгъуэщI организацэ куэдым я ехъулIэныгъэхэм дыщытепсэлъыхькIэ, куэдрэ къохъу унафэщIым хуэфэщэн фIыщIэ щылъыдмыгъэс. Ауэ мы ПМК-м нужьрей илъэс зыбгъупщIым къигъэлъэгъуа зэфIэкIыр колоннэм и унафэщI Ныр Къэралий и цIэм йомыпхыныр къуаншагъэщ.

Илъэс 13 мэхъу мы ПМК-м зэриунафэщIри, абы щыщу илъэс 11-м зи пашэ коллективыр къыхухуакъым я къалэнхэм щыпэмылъэщ. Зыхыхьэ объединенэм щекIуэкI зэпеуэныгъэм увыпIэ нэхъыфIхэр къыщихь зэпытщ. БлэкIа илъэсри ехъулIэныгъэкIэ къызэринэкIащ коллективым. Икли абы къыхэкIыу СССР-м Псы хозяйствэмкIэ и министерствэм и профсоюзым и бюром и япэ саугъэтымрэ езыр зыщыщ объединенэм и Бэракъ плъыжь зэлэпахымрэ къыхуагъэфэщащ.

Сыт-тIа апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм я хэIыпIэр? Ар коллективыр зэщIэгъэуIуауэ, хьэлэлу и Iэнатlэм зэрыпэрытырщ, лажьыгъэм и къызэгъэпащыкIэ нэхъыфIхэр унафэщIхэм къызэралъхьэрщ икIи ахэр зыубгъуауэ Iэнатlэ псоми къызэрыщагъэсэбэпырщ.

Объединенэм и организацэхэм ящыщу мы ПМК-рщ япэу лажьэкIэщIэм хуэкIуар. 1988 гъэ лъандэрэ ар коллектив подрядым тетщ. Рабочэхэмрэ унафэщIхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм и «щэху» псоми кууэ щыгъуазэ зыхуащIащ: лажьыгъэм пщIэуэ текIуадэр щыуагъэшIэу хьисап ящIыфу, файда къызыпыкIыну хэкIыпIэщIэкIэр, хэщIыныгъэ къызэрыкIынкIэ хъуну лъэпощхьэпохэр къызэрамыгъэхъун Iэмалхэр къагъуэтыфу зэрагъэсащ. Зыхуэгъэхьэзырыныгъэ лажьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкIа нужь, объединенэм щыпэу колоннэр бэджэндым хуэкIуащ.

— 1989 гъэм, ди коллективым хэт псоми зэдзэрэзыуэ Iэ зэдалэтри, бэджэндым псы ежэхэм я нэпкъхэр гъэбыдэныр, псы хъумапIэхэр, зэрагъэкъабзэ сооруженэхэр ухуэныр, псы кIуэпIэ бжьамийхэр щIалъхьэныр, хъупIэхэм псы щIэгъэлъэдапIэхэр яхуэщIыныр, псэупIэ унэхэр ухуэныр. Икли жыIэн хуейщ а Iэнатlэхэм ПМК-р ехъулIэныгъэншэ зэрыщымыхъур.

Предприятэм е нэгъуэщI организацэ куэдым я ехъулIэныгъэхэм дыщытепсэлъыхькIэ, куэдрэ къохъу унафэщIым хуэфэщэн фIыщIэ щылъыдмыгъэс. Ауэ мы ПМК-м нужьрей илъэс зыбгъупщIым къигъэлъэгъуа зэфIэкIыр колоннэм и унафэщI Ныр Къэралий и цIэм йомыпхыныр къуаншагъэщ.

Илъэс 13 мэхъу мы ПМК-м зэриунафэщIри, абы щыщу илъэс 11-м зи пашэ коллективыр къыхухуакъым я къалэнхэм щыпэмылъэщ. Зыхыхьэ объединенэм щекIуэкI зэпеуэныгъэм увыпIэ нэхъыфIхэр къыщихь зэпытщ. БлэкIа илъэсри ехъулIэныгъэкIэ къызэринэкIащ коллективым. Икли абы къыхэкIыу СССР-м Псы хозяйствэмкIэ и министерствэм и профсоюзым и бюром и япэ саугъэтымрэ езыр зыщыщ объединенэм и Бэракъ плъыжь зэлэпахымрэ къыхуагъэфэщащ.

Сыт-тIа апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм я хэIыпIэр? Ар коллективыр зэщIэгъэуIуауэ, хьэлэлу и Iэнатlэм зэрыпэрытырщ, лажьыгъэм и къызэгъэпащыкIэ нэхъыфIхэр унафэщIхэм къызэралъхьэрщ икIи ахэр зыубгъуауэ Iэнатlэ псоми къызэрыщагъэсэбэпырщ.

Объединенэм и организацэхэм ящыщу мы ПМК-рщ япэу лажьэкIэщIэм хуэкIуар. 1988 гъэ лъандэрэ ар коллектив подрядым тетщ. Рабочэхэмрэ унафэщIхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм и «щэху» псоми кууэ щыгъуазэ зыхуащIащ: лажьыгъэм пщIэуэ текIуадэр щыуагъэшIэу хьисап ящIыфу, файда къызыпыкIыну хэкIыпIэщIэкIэр, хэщIыныгъэ къызэрыкIынкIэ хъуну лъэпощхьэпохэр къызэрамыгъэхъун

Объединением и организацэхэм ящыкIу мы ПМК-рщ яIэу лэжьэкIощIэм хуэкIуар. 1988 гъэ лъандэрэ ар коллектив подрядым тетщ. Рабочахэмрэ унафэщIхэмрэ Iэуэху бгъэдыхьэкIощIэм и «щэхуэ» псоми кууэ щыгъуазэ зыхуащIащ: лэжьыгъэм пщIэуэ текIуадэр щыуагъэншэу хъисэп ящыIфу, фейдэ кIэзыпыкIыну хэкIыпIащIэхэр, хэщIыныгъэ нэхъыбэхэр, хэщIыныгъэ нэхъыбэкIэ хуэну лъэпощхьэпохэр — къызэрамыгъэхъуэ гъмалхэр къагъэтыфу эрагъэсащ. Ары хуэгъэхьэзы-

СУРЭТЫМ: «Къэбалъкъпроектстрой» объединенэм и «Стройдеталь» заводым и лэжьакIуэ нэхъыфI Дзыгуанэ Сулътlанщ. Абы ухуэныгъэм нрахьэлIэ икIыгъуэхэр IэкIуэлъакIуэу егъэж, дагъуэ къыщыхуащI къэхъуркъым.

Тезыхар
СУАНОБ Михаилщ.

ЖЬЫЩХЬЭ МАХУЭ

Унагъуэм лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэу щигъэзащIэр плъагъуэмэ, фIэщ хъугъуэйщ Мысост илъэс 78-м щIигъууэ. Гъэ кIуам, ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр щагъэлъапIэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэм щыщу зэхуэсахэм ар я нэхъыжь дыдэу жалэу жьантIэм щагъэтIысым сыкъэуIэбжьат. Зи гури зи псэлъэкIэри щабэ а нэхъыжьыфIым гущыIэрейуэ зэрыщытыра жьыфэ къытезымыгъауэр?

Лъапкъ къэс езым къыдагъэзэгурыIуэ хъэл-щэнрэ щытыкIэ гуэрра зэрыхэлъым и щапхэщ. БжьыхьэлIэ губзыгъэу, нэщхъыфIэу, лэжьакIуэфIу, хъэлэлу щIыху куэд зэрахэтыр.

«ЛIэужьыр бжьыблэIэ мауэ», — жеIэ адыгэ псалъэжьым. Ди лъапкъым къыхэкIа тхьэгурымагъуэ цIэрыIуэхэм ящыщщ хъыбарышхуэ зиIэ БжьыхьэлI Лиуан. А дыдэ Iущым ижь къащIихуурэ къагъэзагурыIуэу къыщIэкIынщ, щIы хэмылъу, зеикъуэдэхэм пщIэшхуэ зыхуащIу щыта БжьыхьэлI Темыркъанрэ Сентри.

Мысост и адэ Сент и ныбжьагъу пэжхэу КIэщыбей Мыхъуд, Шурдым Хьэпакъ якIи нэгъуэщI цIыху пэжхэр лажьакIуэ Iущхэм я гъусэу революцэ иным цIыхубэм нэхъухьа гъащIэщIэм жыджэру пежьахэм ящыщщ.

Щхьэхуитыныгъэм, пэжыгъэм, зэхуэдэныгъэм, гъащIэщIэм гугъуехьакIуэ цIыхубэр хуэзыущийуэ щыта а коммунист нэсхэм я бынхэри хьэл-щэнфIагъэр лэжьакIэ тэмэмкIэ къахэщырт езыхэм я ныбжьэгъуэм.

Къуажэдэс ныбжьыщIэхэу щIэныгъэм пасэу зезыщIатахэм ящыщ зыщ Мысост. Ар щеджащ къуажэм япэ дыдэу къыщызэIуахэ еджапIэм, абы щылажьэ Калаушин Иванкрэ Къумыкъу Ибрэхьимрэ я деж. Нэхъ нужькIэ Бжьыхьэлыр къуажэм нэхъ цIэрыIуэ дыдэ щыхъуа Шафий Андурэхьим, Шэрхъ Къэралбий, Шыд Ибрэхьим сымэ ирагъэджащ, ягъэсащ.

— А егъэджакIуэ Iущхэм я фIыщIэщ, — жеIэ Мысост, — Сыжанэ Мухьэмэдрэ сэрэ Псыхуабэ къалэ еджакIуэ ягъэкIуа щIалэхэм дазэрыхохуар.

ЩIалэхэр здэкIуа еджапIэм ЦIагъуэ Нурий и къуэш Мухьамэд щригъаджэрт. Абы егъэджакIуэ Iощlагъэ щызригъэгъуэтауэ къэкIуэжри 1932 гъэм Кэнжэ къуажэм ягъакIуэ. Абы ликбез еджапIэ къыщызэIуех. Нэгъэсибл щIаныгъэ фIэкI зимыIэ егъэджакIуэр и щIэныгъэм арэзы темыхъуэу илъэситI парт еджапIэм щIотIысхьэ. Ар къеуэрри 1941 гъэм партым хохьэ, коммунисту зауэм кIуэн папщIэ.

1942—1944 гъэхэм Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтащ.

— Сэ ажалым сыкъэзыгъэла Шевелев Петя—урыс щIалэ ахъыразаманым — фIыщIэ хуэсщIыну сызэрыхуэмызэкар нобэми ныкъэбми сигу кьоуэ, — жеIэ Мысост, — Си гъыи къокIуэ, — къыпещэ адэкIэ Бжьыхьэлым, — а зэман хьэлъэм лъапкъ зырызым къыхэкIа цIыхухэм яну дэлъа ныбжьэгъуэмрэ зэдэIапкъуныгъэхэмрэ къэтIасхэу щысIьагъуэ е щызэхэсхым деж. Си гугъэмкIэ, а ди зэманым захуащытыкIэ дахэ диламрэ зэдэIапкъуныгъэ тхьалъэмрэщ лIыгъэ къытхэзылъхьэу щытари текIуэныгъэр къыщIэтхьари...

УIагъэу зауэм къикIыжар, хъужыхуи щымыеу зэрыщхъуакIуэ нэмыцэхэм къыIэщIагъэкIыжа Бахъсэн къалэм къыщызэрагъэпэщыжа районым инструктору щолажьэ, нэхъ нужькIэ КПСС-м и Эльбрус районым и отдел зэмылIэужьыгъуэхэм я заведующу илъэс зыхыблкIэ щыIащ. Анхуэдэурэ, БжьыхьэлI Мысост пенсэм кIуэху парт, советскэ, хозяйственнэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэ куэдым хэтащ.

Мысострэ Лоларэ бын хъарзынэ зэдапIащ. Абыхэм я бынхэр, я адэ-анэр я гъуэгугъэлъагъуэу, щхьэгъусэ зыхуэхъуахэм гупсэхуу ядопсэу. А адэ-анэ цыпхэ хъуахэм зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу щIэблэ хъарзынэ яI, ягъаса.

Адэ-анэ угъурлыхэм лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм хуэIэрыхуэу къагъэхъуа я бын псомкIи щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтауэ цIыхугъэшхуэ яхэлъу я Iощlагъэхэм хьэлэлу нролажьэ.

— Гугъу дехьами тIуэтэжащ, «жьыщхьэ махуэ ухъу», — жызыIуэ къыдэхъухъуауэ щытахэм я хъуэхъур кътлъысащ, — къыпогуфIыкI Мысост.

Хэнур бий бзаджэм къезыгъэла, зауэм зэхикъутахэр зэфIэгъэувэжыным пае мыблэжу хэта, бын щыпкъэ зыгъэса жьыщхьэ махуэщ Мысост.

ЖЫЛАУ Нурбий

КъызэгъэпэщыкIэфIым и Iэужьхэр

Бэгъуэт Бетlал лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэсауэ мэкъумэш ещIэ. Абырэ и гупымрэ гъавэу кърахьэлIам зы самоу уIуплъамэ, Iуащхьэмахуэ кыкIэрыхуну кыщIэкIынутэкъым. Шащэщ, къарууфIэщ а лIыр—зи лъым мэкъумэш гъэкIыныр хэщауэ къалъхуар. «Мылькур зейм хуэмыдэмэ, хьэрэмщ» жыхуаIэм хуэдэщ мы ди Бэгъуэтыр». — хужаIэ Бетlал. ИкIи илъэс щIауэ ар зи унафэщI бригадэм щIым бэвагъуэ кърагъэтыр, колхозым хэхъуэ кыхуихьыр, абы щыщу фейдэр адрей гупхэм яхуэзфIэкIым. ЙобакI.

— Ди пашэр угъурлыщ, зэпымыууэ Iуэхуфым дыхуешэ, — жаIэ бригадэм хэтхэм я унафэщIым папщIэ. — ЖыпIэнуракъэ, зыхэпльэм берычэт хельхьэ...

Зэрыгурыуэгъуэщи, а псалъэхэр кърокIуэ Бэгъуэтым къалэн къыщацIам и къарури и зафIэкIри къанэ щымыIэу зэрырихьэлIэм. Абы хабзэ хуэхъуащ нобэ пхуэзфIэкIынур щIадей пэмыгъэплъэныр, дэтхэнэ зи чэзу Iуэхугъуэри зэман нэхъыфIым гъэзащIэныр. Ауэдэу Бетlал теплъэкъуакIыркъым щIэуэ къэунэхуэмэ, ЛажьэкIэ пэрытым, лажьапщIэ тыкIэфIым и гугъу зэрыIэхихыу, и гупым ечэнджэщри, я Iуэхум нэхъ ирагъэзагъэр къыхахауэ щытащ. Къапщтэмэ, Шэджэм районым Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым и етIуанэ трактор-мэкъумэш бригадэ Бетlал зи унафэщIыр лэжьыгъэм кIэухыу кърикIуам теухуауэ лэжьапщIэр зэрат щIыкIэм тету лажьащ. Абы и ефIэкIыныгъэр нужьрей илъэсхэм мэкъумэшыщIэхэм я нэгу щIэкIащ — гъэм и кIэм бригадэм хэтхэм псоми зэхэту къратыжащ сом мини 150-м щIигъу. Ахэр лэжьакIуэхэм ятебгуашэмэ, механизаторхэм сом мини 7—8, Iэпщэ къарукIэ лажьэхэм — сом мини 3,5—4-м нэс яхуохъу.

Хозрасчетым и хабзэхэм яIэ апхуэдэ ефIэкIыныгъэм, мэкъумэшыщIэр щIым и тещэ зарыхъужам зи лъэжьан ящIа бригадэм и лажьакIуэхэр зэгурыIуащ мы гъэм бэджэндым тету лажьэну. А бригадэм и мызакъуэу, зэрыколхозу а лажьэкIэр къыхахащ. Бэгъуэтым и гупым вапIэ гектар 800-м нэс илъэситхукIэ телажьыхьыну бэджэнду къыIихащ.

— А илъэситхум ди мурадхэр тхуэзгъэхъуIэмэ, адэкIи пытщэнущ, — жеIэ Бетlал. — Ди бригадэм хэтхэр щIыху гъуэзэджэхэщ. АтIэми, мы лажьэкIэ щхьэпэхэм ахэр нэхърэ жыджэр, зэщIэкъуа ящIащ, я гупсысэкIэм зихъуэжащ. Иджы лажьакIуэ дэмыкIыи щхьэкIэ щхьэусыгъуэ нэпцI лъыхъуэ, губгъуэм ихьа нужь зыщIезыгъэх, хуэзфIэкIынум хуэдиз зымылажь диIэкъым. Апхуэдэу сыт хуэдэу хъуми, щIыр зыгъэуфIыщI, культиваторым хьрсэр зэригъэщабэм, зэригъэкъабзэм фейдэуэ кIуахьынум нэхърэ къэкIыгъэу ирыригъэупщIыкIым хэщIыныгъэ нэхъыбэ кърикIуэи хуэдэу лажьэ щыIэжкъым.

Е хьэсэпэхэм щIым хаутэу жылапхъэ кIэрыщэщахэр куэду щылъу, дагъэгъэсыныр щыкIэрагъэжэбзауэ, адэ-мыдэкIэ иджыри къэбгъэсэбэп хъуну пкъыгъуэхэр щызэбгрыдзауэ, тхылъымпIэ къэп зэгуэудахэм удобренэр, хущхъуэхэр къищэтауэ щIым хэлъу уарихьэлIэнукъым. А щIыкIэм тету ягъэкIуэд псори езыхэм я жылым . къызэрикIыр ящIэ. Къыдагъахуэрэ, яIэрыхьэнур нэхъыбэ мэхъу. А псори зы псалъэмакъ хэмыхьэу екIуэкI лажьыгъэм хэтурэ хьэкъ ящыхъуащ. Зы псалъэу жыгIэнщи, зэхъуэкIыныгъэм ижь ящIихуащ, абы къахуихьыр хэт и дежкIи нэрылъагъущ.

Апхуэдэу зи Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ гуп зэкъуэгу БетIал и бригадэр мы гъэм и гъатхэми губгъуэм ихьащ. «ЗэIэбэкIмэ, зыхуейр къащтэ», жыхуаIэм ещхьу зыхуагъэхъэзыращ зи чэзу лэжьыгъэхэм. ЩIыIэрысу гъатхэ техьа хьэсэхэм псыIэгъэр щахъумэн папщIэ К-700 трактор лъэщымкIэ Гъут Хьэсэн, Уэрыш Муlэед сымэ зэблэкIыу жэщми махуэми кънтхъ ящIащ. ИужькIэ щIадзауэ вагъэр ягъэджафэ, жылэр зыхалъхьэну кууагъым нэсу дискхэмкIэ ягъэщабэ. А Iуэхугъуэхэм хуэIэкIуэлъакIуэщ механизаторхэу ТхьэкIумащIэ Музэрин, Щоджэн Бесльэн, Хуртуев Хьэжмурат сымэ.

Абыхэм ягъэуфIыщIа хьэсэ бгъуфIэ кIыхьышхуэм къыбгъурылъщ бжьыхьэсэр зэдэууэ къызытеува гектар щитIри.

— КъэкIыгъэхэр теплъэфI яIэу уэсым къыщIэщыжауэ щытащ, — жеIэ БетIал, — щIымахуэм вертолетКIэ гектарым хуэзэу аммичнэ селитрэу центнеринщ еттауэ щытащ. Иджы къэкIыгъэ лъабжьэхэм нитроаммофосу центнер 1,5-рэ гектарым хуэзэу кIэщIыдолъхьэ. Ари нобэ-пщэдей дыухьынущ. Абы йолажь ди механизатор нэхъ IэкIуэлъакIуэ дыдэхэу ТхьэкIумащIэ Чимэ, Хъалилэ Хьэсэн, Атэлыкъ Хьэмидбий сымэ.

— Сигу ирохь фи мэкъумэшыщIэхэм я Iэужьхэр, — жызоIэ, — вагъэм хэтхэм хьэсэхэр бжьыныхьэсэм хуэдэу щабэ, зэтес, дахэ яцI, бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэм лъабжьэфI ядэщ.

— Арышпэу хъунукъым, — жеIэ пыгуфIыкIыурэ БетIал,—баджэндым дыщытет мы гъэм гектарым хуэзэу бжьыхьэсэм центнер 40, сэхураным — 18, гибрид нартыхум — 35-рэ, силосыпхъэм — бзий цIынэ зэпыгъэлъэлъауэ центнер 300 нэхърэ мынэхъ мащIэ къедгьэтыну мурад тщIащ. Ахэр дэтхэнэри планрэ ныкъуэрэ. нэхъыбэ мэхъу.

Жылапхъэхэр къызэрикIыкIыр ягъэунэхуауэ, хущхъуэ щIэгъэкъуэ зыхуеинум хуэдизу яIащ. Ауэ мэкъумэшыщIэ нэсым, зи щIыр фIыуэ зыщIыхум гукъеуэ мащIи иIэщ: «Сэ силосыпхъэу тесщIэнур Югославием къыщагъэхъуа партыху лIэужьыгъуэрт, — жеIэ БетIал. — Ауэ апхуэдэ дгъэтакъым. Сэхураныкъи апхуэдэщ — дэ нэхъ тфIэкъабыл «Починым» уэщх зэрытехъуэу и щхьэр мэущIынри къыфIощэт. Тетсэну чэнджэщэгъу къызэрытхуэхъу «Самбредми» дагъуэ иIэщ — и лъэдийр псыгъуэщи, куэд мауэ. Пэжщ, дэ дыхуитщ иджыпсту дызыхуейри къыхэтхыну. Абы щыгъуэми еджагъэшхуэхэм жаIэми щIэ хуумыщIу хъуркъым — шэми шхуми дес. Ауэ деплъынщ дэпэкIэ».

Апрелым и пэхэм сэхуран жылэр хэлъхьэн зыщыщIадзэну гектари 150-р хьэзырщ, абы хыхьэну агрегатищри гъэпсащ. Ар зафIэкIмэ, жылапхъэу соер гектар 50-м трасэнущи, мы махуэхэм жылэр зыхалъхьэну кууагъым нэсу ар дискэмкIэ ягъэщабэ, зэтес ящI. Абы къыкIэлъыкIуэнущ гектар 310-м нартыху тесэныр. Бэгъуэтым зэрыжиIэмкIэ, гъатхасэр тэмэму зафIэкIауэ, бригадэм хэтхэр Май махуэшхуэм Iущlэнущ.

Дэ шэч къытетхьэрищым а гуп зэкъуэтым, иджы бэджэндым хуэкIуауэ пэхъри зи Iуэху езыгъэфIакIуэхэм я мурадыфIыр къазэрехъулIэну, лэжьэкIэщIэр езыхэр зыщыгугъым хуэдэу къазэрыхущIэкIынум.

Нэгъуэщ зы IэнатIи кIэщIу и гугъу сщIынут. Ар Назрэн БетIал зи унафэщIу хадэхэкI къэкIыгъэхэр зезыхьэ бригадэрщ. Иужьрей илъэсхэм хадэхэкI къэкIыгъэхэр къехьэлIэнымкIи щэнымкIи нолхозым и планхэр жыжьэуи игъэзащIэрхъум. А IэнатIэ «пхыхуар» къмIэтыжыну коммунист Назрэным кIищтэну щыхуагъэфэщам, езыми «хьэуэ» — жиIакъым.

КъущамылэжьIа IэнатIэм цIыхухэр пэрыкIат. Iэщэ къару куэд къущагъэсэбэп хадэхэкI щIэным лэжьакIуэIэр и мащIэт. Абы щыгъуэми гектар 60-м илэжьыхьын хуейт, Агроном Iэщlагъэ зиIэ, куэдрэ цIыху гуп яхэта, я унафэ зыщIа Назрэным къыщыщIидзащ лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэр егъэфIакIуэным, абы кIэухыу кърикIуэм елътауэ Iэужьыфым цIыхур дегъэхьэхьыным. ИкIи БетIал и зэфIэкIым цыгъуазэ, и цIыхуагъэшхэр зи нэгу щIэкIа лэжьакIуэ гуп абы гъэ кIуам и гъатхэм губгъуэм иришауэ щытащ.

— Ди щIыр Iейкъым, псы щIэбгъэлъадэ мэхъу. Удобренэрэ хущхъуэу дызрикIунум хуэдиз къытхуаутIыпщынущ, техникэ дыхущыщIэнукъым. Дэ гудзакъэ диIэу дылажьэмэ, сыт адрейхэм яхуэзфIэкIыр щIыздэмыгъэхъуIэфынур? — захуигъэзащ абы езым къыхуэзыщIу гъусэ дзыхь къыхуэзыщIу къэгъэхъуIэным. — ЗдгъэхъуIэнщ!

А псалъэр быдэу зэрыжиIам хуэдэу, ткIийуэ пэщIэтащ БетIал и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр гъэзэщIэным. Япэ къапэщIэхуа жылапхъэр щIым «халъакъым». ЩIыIэрысыр етIуанэу явэжа жыпIэну, сэным гъуэзэджэу хуагъэхьэзыращ. Удзыжьым, уэрам, хьэпIащIэм ящта щIыпIэ хьэсэхэм яхэмыту зэрахьащ. И щIэгъэлъадэгъуэу псы зымыгъуэта къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэм яхэтакъым. ПсыщIэгъэлъадэм IэхъуэгъуэтегъэкIыу хущытакъым — гектарым иГъуэтын хуейм хуэдиз щIагъэхьащ. КъэкIыгъэхэм удобренэхэмкIи егугъуащ.

КъехьэлIэжьыгъуэр нэхъ тыншакъым. Нащэмрэ кабачкимрэ здэхъуат, помидор-

АДЫГЭБЗЭ ПЭЖЫРЫТХЭМ И ХАБЗЭХЭМ Я ПРОЕКТЫМ ДЫТОПСЭЛЪЫХЬ

НЭХЪЫФI ПХУЭМЫЩIЫНУМЭ...

Адыгабзэ орфографиемрэ пунктуацэмрэ егъэфIэкIуэн папщIэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым къызэригъэпэща комиссэм утыкум кърилъхьа проектым ныбжьэгъу зыбжанэ тепсэлъыхьащ, и дагъуэхэр къагъэлъагъуэу. Абыхэм жаIэхэм щIыгъужыпхъэу къаслъытэхэм сыкъытеувыIэнщ.

Проектым и §§ 1, 2, 3, 4-хэм арэзы дыкъащIыркъым. Псалъэм щхьэкIэ, ар дауэ тхыкIэ хабзэ хъун, зы цIэ унейр зэхуэмыдэу тхауэ: Алий-уэ у-Элий, Аскърбий — мы—Эскэрбийуэ цIэрэ?

§ 6-нэр хъуакъым. Япэрауэ, я-м и тхыкIэр фонетическэ принципым зэрытрагъэувар тэмэмкIым, етIуанэрауэ, къызэщIиубыдэн хуейр къызэщIиубыдэркъым. Абы ещхьщ § 4-ри.

§ 9-нэм и пункт 6-нэмрэ § 11-нэмрэ зэхагъэкIыфынукъым тхыкIэкIэ. Мыбы IупщIу тепсэлъыхьащ Къэмбэчокъуэри къытедгъэзэжынкъым.

§ 12-р хъунукъым. Зи тхыкIэмкIэ зи мыхьэнэхэр зэхэгъэкIа хъууэ орфографием хабзэ щыхъуам и пIэкIэ глаголри, плъыфэцIэри, цIэпапцIэри щызэхэгъэзэрыхьижащ мыбдеж. Япэрауэ, «псоын», псоащ» жиIэу къапсэлъыркъым. ЕтIуанэрауэ, цIэпапцIэ «псор» къызытенIыжар глагол «псоун»-рщ. Ар къэбгъанэу, абы къытрагъэхъукIа «псо»-р дауэ глаголу къэпщтэн. Ещанэрауэ, причастие — плъыфэцIэ «псэу»-мрэ цIэпапцIэ «псо»-мрэ грамматическэкIи зэщхьэщокI: причастие — плъыфэцIэ «псэу» у-м бжыгъэ категорие иIэщ, цIэпапцIэ «псо»-м иIэкъым. Джад псэухэри укIахэри — псори къашэ, къэп псэухэри къэп зэфIэтхъахэри — псори къэхь.

Адыгэбзэми зэхегъэкI а мыхьэнэхэр: псэу «живой», псо «цельный», пстэу «все».

Проектым и авторхэм адыгэбзэ пэжырытхэр «нэсу фонетическэ принципым тегу зэхэтлъхьащ, едгъэфIэкIуащ», жыхуаIэр щыIэ орфографием макъзэпащIахыу къигъэсэбэп, къапсэлъ макъзешэ ы-м и пIэкIэ сатырыщхьэ '-р (апостроф) — къамыпсэлъыр, ауэ псалъэ къэзыгъэлъагъуэр, фещэ зыщыр хабзэ щIын хуейуэ къызэригъэувыр (§§ 14, 15) арами, проектым теухуауэ зытха ныбжьэгъухэм IупщIу жаIащ а тхыкIэ хабзэр къызэрамыщтар.

Хьэмэрэ къамыпсэлъ макъзешэ ы-р къигъэпсэужу, къапсэлъыр хуей морфемэ-р-р гъэкIуэдамэ хъуну зэрагъэувара «нэсу къагъэсэбэпа» фонетическэ принципым и фIагъыр?

Префикс р (а)-р (е)-р (и)-ы-хэм я пэкIэ щыт префиксхэм хьэрфешэ ы-р морфемэу щымыт дэнэ къэна, ар фонеми хъуркъым. Къапсэлъыгъуейщ а ы-р, Iуэху пщIыуэ къыумыпсэлъмэ (къырех, тыредзэ).

Сказуемэ суффикс-т, — къым—хэм я пэкIэ щыт—р-р морфемэщ, абы псалъэм и мыхьэнэр схъуэж.

§ 88-м и пункт 1,2-хэр хъуакъым: адыгабзэм зарыщытымрэ параграфым къыщыгъэлъагъуамрэ зэхуэхъуркъым.

§ 60-м щыIэщIэ зэхэлъхэу зэпыту тхын хуейхэмрэ псалъэ зэпхахэмрэ я тхыкIэр зарызэщхьэщагъэкIын гуэрхэр ятхыну хэтащ. Ауэ щыIэ орфографием и § 85-м деж ит гу зылъытапхъэм зэрыщыжыIам нэхърэ нэхъ IупщI хъуауэ къыщIэкIынкъым, зыгуэрхэр нэхъ зэхэгъэзэрыхьа мыхъуамэ.

ПлъыфэцIэр щыIэщIэм и определенэу, а тIури зэщIыгъуу нэгъуэщI щыIэщIэм и определенэу щыщытым деж, определенэр зэпыту ятхыну къигъэуващ проектым (§ 62, п. 6): пщащэ нэкъулэн, щIалэ пэкIыхь. ПсалъитI—щыуэ зэхэт определенэр зи определенэ щыIэщIэм и пэкIи щытынкIи езы псалъитIри щыIэщIэу щытынкIи хъунущ, псалъэм папщIэ, гъущI цIынэ джыдэ, нартыху гъуэжь пIастэ. ГъущI гъэгу лэжьа орфографическэ комиссэм къыщтакъым ар. «Буржуазие», «Хирургие»—хэм хуэдэ псалъэхэм—ие-р—иэ-кIэ зэпхъуэкI хъунукъым:—и-р зыхэт пычыгъуэм щыщкъым, абы здищтэркъым—эр, абы и закъуэ пычыгъуэ хъууэ псалъэкIэм щыту адыгабзэм кIыщыкIуэркъым. Абы нэмыщIкIэ Гугъуэт Лол тэмэму зэрыжиIащи, апхуэдэу къапсэлъыркъым адыгэхэм.

БзэщIэныгъэм щэч кыт-рамыхьэж щыхъуа пэтми, щыIэ пэжырытхэм Iуэхум къыхимылъытэу къагъуэгурыкIуэу, ауэ иджы комиссэм «Зэригъэзэхуэжауэ» жыхуаIэр зи щхьэ хущымыт енгъэ цIэпапцIэхэр префиксу къалъытауэ псалъэм пыту тхын хуейуэ къызэрагъэувар армырауэ пIэрэ?

Зи щхьэ хущымытыж енгъэ цIэпапцIэхэр 1—2-нэ щхьэхэм деж лIэужьыгъуитIу хэтщ бзэм: си сэ си, уи уэ, уи, ди (дэ ди, фи) фэ фи. Сэ си, уэ уи, дэ ди, фэ фи—хэр зэпыту къыдопсалъ, зэпыхауэ дотх. (Саугъэту сату щытмэ, ар уэ уи псэм дэхуэфыну. (Щоджэщ1ыкIу Алий).

Си, уи, ди, фи-хэр морфемитIу зэхэтщ: зей щхьэр къэзыгъэлъагъуэ с, у, д, ф—щхьэ цIэпапцIэм къытекIахэр енгъэ къызэрыкI и йы. Я-р зэхэтщ й куэд бжыгъэм и префикс а.

Си (сэ си, уи) уэ уи, и ди (дэ ди, фи) фэ фи, я, зи-хэр нэгъуэщI псалъэм щыгъуу фIэкIа къызэрамыгъэсэбэпым къыхэкIкIэ абыхэм йоджэ зи щхьэ хущымытык псалъэкIэ, енгъэ къэзыгъэлъагъуэ цIэпапцIэкIэ.

Зи щхьэ хущымытыж нэгъуэщI псалъэ лIэужьыгъуи къагъэсэбэп адыгабзэхэм, псалъэм папщIэ, союз-ра-и. «Союзы могут быть самостоятельными и несамостоятельными. К несамостоятельным относятся частицы, которые отдельно не употребляются, например, соединительные частицы —ра—и». Еплъ: Г. В. Рогава. З. И. Керашева. Грамматика адыгейского языка, Майкоп, 1966, нап. 336-рэ.

Союз, частицэ, послелог тхуэщIынукъым.

1970 гъэм КБНИИ-м къыдигъэкIа «Грамматикэм» къеIэтыта си, уи, и, ди, фи, я, зи-хэр послелогым и префиксу: си деж, уи деж. Еплъ нап. 71-м. «Ноба бзэ щIэныгъэм зэIубз, шэч къызытримыхьэж щыхъуа, ауэ щыIэ пэжырытхэр зэрымыгъуазэу» жыхуаIэм мыри щыщмэ, дэ ди фIэщ хъуркъым икIи къатщтэркъым апхуэдэ «зэгъэдзэкIар». — Лексическэ мыхьэнэ зимыIэ псалъэм (послелогым) лексическэ мыхьэнэ зиIэ псалъэр (цIэпапцIэр) и префиксу къэлъытэныр. Си, уи-хэм яйр сыт, «деж»-р ара?

